

МБОУ-н «Чечанара №2 йолу йуккъера школа»

# «Фразеологизмаш. Нохчийн меттан дошамаш. Iамийнарг карладаккхар, тIечIагIдар».

I0-гIа класс.

Хьехархо: Хайдарханов Салавдин Марет



# Хьехарсахьтан Іалашо:

**I) Іаморан (обуч.)** Дешархойн хаарш зер. Іамийнарг карладаккхар.

**2) Кхиоран (развив.)** Хаа деза фразеологизмаш стенах олу, уьш кхечу дешнийн цхьаьнакхетарех схьакъасто а, царех пайдаэца а. Дошамех болучу пайданех кхетамбалар, Іамийнарг тІечІагІдар.

**3) Кхетам-кхиоран (воспит.)** Дешаре, матте болу безам кІаргбар.

**Хьехарсахьтан гІирс: компьютер, учебник, текст.**

# І-ра тІедиллар

## МаьІница догІу дешнаш даладе.

Къехоша Мусостана ____________________ эрна хилира.

________________, марадоьллира цо диттан гІад, безамца хьалахьоьжура генашка.

Цуьнан бІаьргаш чу хи хьаьвзира, дагалецамаша ____________________.

http://aida.ucoz.ru

# I-ра тIедиллар

## МаьIница догIу дешнаш йазде

Къехоша Мусостана (корта беттар) эрна хилира.

(Адам санна ), марадоьллира цо диттан гIад, безамца хьалахьоьжура генашка.

Цуьнан бIаьргаш чу хи хьаьвзира, дагалецамаша (дог дуткъдина.)

http://aida.ucoz.ru

**<u>Дешархойн хааринйн актуализаци йар.</u>**

**– Дешархой, рогIера дешнаш дуй вай далийнарш?** Муьлхачу темина тIе тидам бахийта беза вай? (Дешнийн цхьаьнакхетарш).

**– Дешнийн цхьаьнакхетарх лаьцна шайна хуург дийцал.** (Дешнаш вовшашца йолчу уьйрашца цхьаьнакхетарх дешнийн цхьаьнакхетар олу. Дешнийн цхьаьнакхетар шина кепара хуьлу:

1) дешнийн паргIат цхьаьнакхетар;

2) дешнийн чIагIделла цхьаьнакхетар.)

http://aida.ucoz.ru

– **Аша далийнарш хIун тайпа дешнийн цхьанакхетарш ду?** (Фразеологизмаш.)

– **ХIун башхалла ю цу кепашна йукъахь?** (ПаргIат цхьаьнакхетарш хийца йиш йу, ткъа чIагIделла цхьаьнакхетарш – фразеологизмаш йа фразеологизмийн карчамаш бу.)

- Муьлхачу Iилманан декъа йукъайогIу фразеологизмаш? (Лексика.)

– **Шуна бевзачара йалайой шайн къамелехь фразеологизмаш? (Масала.)**

**– Цу фразеологизмийн маьIна хаа хIун оьшу вайна?**
(Дошам.)

**– Вай урокан цIе муха хир йу аьлла хета шуна?**

**– Ткъа урокан Iалашонаш?**

**И фразеологизмаш цхьана даше йоьрзий-те, дешархой.**
Масала:
- Iодара ваьлча санна вогIу. – УьнтIепхьид  санна лела.
(Чехка-меллаша.). Антонимаш.
- Оза бохча – деса киса, когаш тIе хоIтта- орам хеца.
(РогIера тедиллар кхочушдар.) Синонимаш.

http://aida.ucoz.ru

# 2-гIа тIедиллар

**Фразеологизмана метта нийсачу маьIнехь цхьана дашца синоним йалайе.**

1) Деш-дуьтуш доцуш –

2) Даккха а, дожа а хIума доцуш –

3) Дог декхаделла –

4) Дуьненан йеа а маьIIехь –

5) Йоккха топ тоьхча а хезар доцуш –

6) Дог доьхна –

http://aida.ucoz.ru

# 2-гIа тIедиллар



**Фразеологизмана метта нийсачу маьIнехь цхьана дашца синоним йалайе.**

I) Деш-дуьтуш доцуш – **мукъа**

2) Даккха а, дожа а хIума доцуш – **къен, миска**

3) Дог декхаделла – **хазахетта, самукъадаьлла**

4) Дуьненан йеа а маьIIехь – **массанхьа**

5) Йоккха топ тоьхча а хезар доцуш – **къора**

6) Дог доьхна – **халахетта**

http://aida.ucoz.ru

# Тобанашкахь болх



## I) Даладе фразеологически цхьаьнакхетарийн маьIна досту дешнаш. Тетрадаш тIе дIайазде.

Хьаж йуккъе белхий гулбина - ____________________

Бурч йоьхкина – ___________________

Корта бетташ – ____________________

Тай тоьхча санна – __________________

Йахийта хьайн алаша – _________________

ЦIе йаьлча санна, хьаьдда вогIу – _______________

ЦIарна цIе йаххана – __________________

http://aida.ucoz.ru

## I) Даладе фразеологически цхьаьнакхетарийн маьIна досту дешнаш. Тетрадаш тIе дIайазде.

- Хьаж йуккъе белхий гулбина - оьг1азйахана.
- Бурч йоьхкина – дов дина.
- Корта бетташ – дехарш дан.
- Тай тоьхча санна – нийса.
- Йахийта хьайн алаша – д1авало кхузара.
- ЦIе йаьлча санна, хьаьдда воrIу – чехка.
- ЦIарна цIе йаххана – массарна вевзаш, г1араваьлла.

## 2) Тӏадамийн метта догӏу дешнаш а далош, тӏедуза чӏагӏделла цхьаьнакхетарш

______________ негӏар ца тухуш

_________________ малх баьлча

________________ ши дош дан

_________________ хилла века

_______________ топ йан

_______________ багахь кхаба

логера ______________ баста

_______________ йуккъехь дош лелаш

______________ бетташ хержа

http://aida.ucoz.ru

## 2) Тӏадамийн метта догӏу дешнаш а далош, тӏедуза чӏагӏделла цхьаьнакхетарш

Б1аьрган негӏар  ца  тухуш

г1ушлакхе малх  баьлча

дашах ши  дош  дан

зарзар хилла  века

истангах топ  йан

багахь мотт кхаба

логера шад баста

нахана йуккъехь  дош  лелаш

п1елг  бетташ  хержа

**Рефлекси**

- Дешархой, муха хийти шуна вайн урок?

-Шайца дІадахьа пайдехь хІумма а карийна аьлла хетий шуна?

-ТІаьхьа ца кхуьуш, шу ца кхеташ хІумма а дисний?

- Урокехь вай хІиттийначу Іалашонашка хьовсал.

- Хала дарий цу Іалашонашка кхача ?

- ТІедахкарш кхочушдалорий?

**Ц1ахь:**

**1) Пхиъ предложени йазйе фразеологически карчамаш йукъа а лоцуш.**

**2) Дошамаш тIера пхиъ дош йазде, лексически маьIна достуш.**